



PLAN ANGAJMAN PARAN AK FANMI NAN NIVO LEKÒL

2023-2024

Poinciana Elementary School

Tara L Whitehead

1407 Kennedy Ave.

Mwen menm, Tara L Whitehead, nan dokiman sa a, mwen sètifye tout enfòmasyon, tablo ak reprezantasyon ki nan aplikasyon sa a se laverite, yo kòrèk, epi yo respekte deklarasyon asirans ki gen rapò ak renonsyasyon sa yo. Epitou, nou ap respekte tout lwa, règleman ak pwosedi ki aplikab; egzijans administratif pwogramatik; ansanm ak pwosedi pou kontwòl fiskal epi pou kenbe dosye, yon fason pou garanti bonjan responsabilite depans ki fèt nan kad pwojè sa a. Nou ap mete tout dosye ki nesèsè pou jistifye egzijans sa yo disponib pou manm pèsònèl apwopriye nan Eta a ak gouvènman federal la, egzamine. Mete sou sa, mwen sètifye tout depans yo ap fèt apati dat antre an vigè oswa apre antre an vigè pwojè a epi anvan dat pou pwojè a fini. Nou ap rapòte dekèsman yo sèlman nan mezi kote yo apwopriye pou pwojè sa a, epi nou p ap itilize yo pou fon ki koresponn nan pwojè sa a oswa nenpòt pwojè espesyal, lè sa entèdi.

Asirans:

- Nou ap dirije lekòl la sou baz definisyon legal "angajman paran ak fanmi yo", jan sa defini nan Seksyon 8101 ESSA a, epi nou atann pou lekòl la mete sou pye yon seri pwogram, aktivite, ak pwosedi ki an akò ak definisyon sa a.
- Lekòl la ap fè aksyon sansibilizasyon pou tout paran ak manm fanmi yo, epi li ap mete sou pye yon seri pwogram, aktivite, ak pwosedi nan objektif pou enplike paran ak manm fanmi yo nan tout pwogram Tit I, Pati A li yo an amoni ak Seksyon 1116 Lwa pou Revisit Tout Elèv la (Every Student Succeeds Act, ESSA). Nou dwe byen pale ak paran timoun ki ap patisipe yo pou planifye pwogram, aktivite, epi pwosedi sa yo epi pou mete yo sou pye. [Seksyon 1118(a) ESSA]
- Lekòl la ap travay pou asire li yo devlope politik sou kesyon angajman paran ak fanmi yo ki obligatwa nan lekòl la sou baz sou-seksyon (b) a, chak lekòl nou sèvi nan kad pati sa a ap devlope yon Kontra Kay-Lekòl ki konsantre sou fason paran yo, tout manm pèsònèl la, ak elèv yo ap pataje responsabilite sou amelyorasyon rezilta eskolè elèv yo ak mwayen pou lekòl la ak paran yo etabli epi devlope yon patenarya pou ede timoun yo rive atenn estanda Eta a ki wo. [Seksyon 1116(d) ESSA]
- Pou respekte egzijans angajman paran ak fanmi Tit I, Pati A a nan mezi sa posib, lekòl la ap ofri tout posibilite yon fason pou paran ki gen konpetans limite nan lang Anglè yo, paran ki gen andikap yo, ak paran timoun ki migran yo kapab patisipe, epitou, li ap bay enfòmasyon ak rapò eskolè ki obligatwa yo nan yon fòm paran yo kapab konprann epi ki nan yon sèl fòm, san wete lòt fòm si yo mande sa, epi nan mezi sa posib, li ap bay yo nan yon lang paran yo kapab konprann. [Seksyon 1116(e)(f) ESSA]
- Lekòl la ap enplike paran ak manm fanmi timoun ki ap resevwa sèvis nan kad pati sa a, nan desizyon ki gen rapò ak fason yo itilize fon ki rezève yo pou aktivite patisipasyon paran yo. [Seksyon 1116(3) ESSA]



PLAN ANGAJMAN PARAN AK FANMI NAN NIVO LEKÒL

2023-2024

- Lekòl la ap itilize fon ki rezève nan kad pati sa a pou fè yon seri aktivite epi tabli yon seri estrateji ki koresponn ak politik angajman paran ak fanmi yo jan sa parèt nan Seksyon 1116(3) ESSA a.

Deklarasyon konsènan Misyon sou Angajman Paran ak Fanmi

Nan ki sans plan angajman paran ak fanmi yo se yon responsabilite ki pataje?

Ki fason plan sa a kontribiye nan bay tout moun ki ap aprann yo yon ansèyman gwo kalite?

Misyon nou: "Kreye Lidè - Chak Jou!"

Amelyorasyon angajman pou paran ak fanmi s'eyon mouvman ki lye ak amelyorasyon akonplisman elèv la. Kreye plis angajman pou paran ak fanmi yo epi ede yo patisipe plis nan edikasyon pitit yo lè nou bay enfòmasyon espesifik ak done pwogresyon sou fason elèv yo metrize kourikoulòm yo bay la ansanm ak estrateji pou amelyore konpetans nan domèn sible yo. Yo enfòme paran yo konsènan resous ki disponib atravè Classlink timoun yo a nan lide pou ede nan avansman nan domèn akademik yo.

Patisipasyon Paran ak Fanmi yo

Lekòl la ap enplike paran yo nan planifikasyon, egzamen ak amelyorasyon pwogram Tit I yo, san wete patisipasyon paran yo, epi nan pwosesis desizyon sou fason yo pral itilize fon angajman paran yo:

Y ap envite fanmi Poinciana yo pou yo patisipe nan reyinyon Konsèy Konsiltatif Lekòl (School Advisory Council, SAC) la epi tou nan reyinyon Tit I nou yo. Mete sou opòtinite pou bay opinyon nan reyinyon yo, gen enfòmasyon nou pral pataje atravè tablo kominikasyon dijital nou an, bilten nouvèl chak semèn nou an, The Pelican Post, epi sou sit entènèt nou an. Fanmi yo pral gen opòtinite pou yo bay opinyon yo atravè Sondaj pou Paran Tit 1 an, imèl, alekri oswa an pèsòn. Paran kapab gen aksè ak ajannda/minit reyinyon SAC a ki disponib sou sit entènèt lekòl la oswa nan biwo a. Yo pral abòde tout opinyon yo rasanble ki gen pou wè ak devlopman Plan Amelyorasyon Lekòl la yon fason ki fòmèl nan reyinyon SAC yo atravè diskisyon, refleksyon ak priz desizyon kolektif. Y ap fè reyinyon Tit I yo nan kòmansman ak fen ane eskolè a. Ajannda premye reyinyon an gen ladan l' enfòmasyon konsènan objektif ak aplikasyon Tit I an nan lekòl nou an ak sa pwogram nan vle di pou paran ak elèv yo. Dezyèm reyinyon an fèt pou evalye pwogram nan epi bay paran yo opòtinite pou yo bay opinyon yo nou pral itilize nan pwosesis planifikasyon ane apre a.



PLAN ANGAJMAN PARAN AK FANMI NAN NIVO LEKÒL

2023-2024

Kowòdinasyon ak Entegrasyon

Lekòl la ap kowòdone epi entegre pwogram ak aktivite Angajman Paran ak Fanmi yo an fonksyon lòt Pwogram Federal yo, nan mezi kote sa posib epi apwopriye, nan objektif pou anseye paran yo sou fason pou yo ede pitit yo nan kad fanmiyal la:

	Pwogram	Kowòdinasyon
1	Sware Paran ELL yo	Yon Sware pou Paran Elèv k ap Aprann Lang Anglè yo (English Language Learner, ELL) nan Poinciana Elementary School se yon evènman ki fèt de fwa chak ane, men gen plis evènman yo pataje ak paran yo ki pral angaje menm paran sa yo nan karyè eskolè pitit yo tou. Objektif evennman sa a se angaje ak paran ELL yo epi ba yo responsabilite yo atravè enfòmasyon ak resous enpòtan n ap ba yo ki gen rapò ak edikasyon pitit yo nan yon anviwònman ki ankouraje yo eksprime yo epi ki pa fè diskriminasyon.
2	Edikasyon pou Timoun Piti ak VPK pou fanmi	<p>Reyinyon pou Jadendanfan an se yon evènman nou òganize pou prezante elèv ki fèk ap rantre nan jadendanfan ansanm ak paran yo nan anviwònman lekòl la. Objektif prensipal li se bay enfòmasyon sou pwogram jadendanfan an, sou règleman lekòl yo, epi fasilite pwosesis enskripsyon pou nouvo elèv yo.</p> <p>Pandan reyinyon pou jadendanfan an, nou ofri divès kalite materyèl ak resous pou ede paran ak elèv yo fè tranzisyon san pwoblèm nan sistèm lekòl la. Sa yo kapab se enfòmasyon sou règleman lekòl yo, apèsi pwogram eskolè a, detay sou aktivite lekòl yo, ak dat enpòtan nan kalandriye a. Poinciana itilize opòtinite sa a tou pou pase egzamen oswa evalyasyon nan lide pou evalye preparasyon elèv k ap vini yo epi idantifye nenpòt pwoblèm akademik oswa devlopman ki egziste.</p>
3	McKinney-Vento/CHIPS	<p>Poinciana Elementary School gen objektif pou bay asistans epi kreye akomodasyon pou elèv ki san kay yo ansanm ak fanmi elèv sa yo pou asire yo estab nan kad edikasyon yo epi pou asire yo jwenn sipò. Sipò ak resous pou fanmi ki san kay ki gen timoun nan Poinciana Elementary School yo kapab se: Koneksyon pou Moun Sanzabri, Enskripsyon Imedya, Manje Gratis epi A Pri Redui, Founiti Lekòl.</p> <p>Nan sa ki gen pou wè ak leson patikilye Tit I ak lòt pwogram yo, priyorite elèv ki sanzabri yo, sa yo rele souvan "Timoun ak Jèn ki nan Sitiyasyon Sanzabri yo" (Children and Youth in Homeless Situations, CHIPS), ka varye. Sepandan, Lwa sou Asistans pou Moun ki Sanzabri McKinney-Vento a, ki se yon lwa federal, egzije pou elèv ki sanzabri yo gen aksè menm jan ak tout lòt timoun nan tout pwogram ak sèvis edikasyonèl, san wete sèvis Tit I yo. Lwa a gen objektif pou l elimine tout sa ki anpechenan timoun ak jèn ki sanzabri yo jwenn edikasyon.</p>



PLAN ANGAJMAN PARAN AK FANMI NAN NIVO LEKÒL

2023-2024

Reyinyon Anyèl Paran (Sware Tit I)

Lekòl la ap òganize yon reyinyon chak ane nan objektif pou enfòmè paran elèv ki ap patisipe yo konsènan pwogram Tit I lekòl la, objektif pwogram Tit I an (èd nan nivo lekòl la oswa èd ki sible), epi li ap enfòmè yo sou dwa paran yo genyen pa mwayen aktivite ki vin apre yo:

	Pwogram	Moun ki Responsab la	Delè	Prèv Efikasite
1	Lekòl la ap òganize Reyinyon Anyèl Paran an pandan de (2) premye mwa lekòl la, epi li ap enfòmè paran yo pa mwayen yon Depliyon, Bilten Nouvèl Paran an (The Pelican Post), Tèks Blackboard, Kontak Pwofesè.	Tara Whitehead (Direktris) Heidi Roberts (Direktris Asistan) Sarah Garr (Kontak Tit I)	7 septanm 2023	Depliyon pou voye lakay timoun yo ak piblisite, fèy anrejistremant, Prezantasyon Sware Tit I an, ajannda.
2	Devlopman yon ajanndan pou Reyinyon Anyèl Paran yo.	Tara Whitehead (Direktris)	Out – Septanm 2023	Ajannda Konplè.
3	Devlope/planifye materyèl (prezantasyon, dokiman lekòl/distri) pou Reyinyon Paran Chak Ane.	Tara Whitehead (Direktris) BLPT	Out – Septanm 2023	Lis Kontwòl Sware Tit I an ranpli.
4	Fè piblisite epi avèti paran yo de (2) semèn davans atravè rezo sosyal, bilten nouvèl pou paran yo ak mesaj Blackboard Connect.	Tara Whitehead (Direktris)	Out – Septanm 2023	Facebook, Pelican Post (Bilten Nouvèl pou Paran an), Tèks Blackboard

Reyinyon Paran ki Fleksib

Ki fason lekòl la ofri paran ak fanmi yo posibilite ki fleksib pou yo patisipe nan aktivite ak reyinyon ki òganize epi ki pèmanan yo?

Gen de (2) reyinyon fòmèl ki fèt nan aswè ki fèt poutèt koleksyon enfòmasyon sondaj yo endike majorite paran yo prefere reyinyon sa yo fèt apre lè travay. Gen opòtinite pou paran patisipe atravè atelye, evènman nan kad pwogram nan ak aktivite elèv ki fèt nan plizyè moman pandan ane eskolè a, tankou anvan lekòl, pandan lekòl epi apre lekòl.

Konsèy Konsiltatif Lekòl nou an (SAC) ansanm ak Òganizasyon Paran Pwofesè nou an (PTO) reyini chak mwa oswa yon total dis fwa pandan ane a. Dapre direktiv SAC yo, reyinyon yo fèt fas a fas ak yon opsyon vityèl pou paran ki pa kapab la pou patisipe an pèsòn yo. Gen yon tradiktè ki disponib si sa nesèsè pou reyinyon SAC/PTO yo. Yo afiche minit ak ajanda SAC yo nan paj wèb Tit I nou an sou sit entènèt Poinciana Elementary nou an pou referans.



PLAN ANGAJMAN PARAN AK FANMI NAN NIVO LEKÒL

2023-2024

Nou ofri yon aktivite kourikoulòm pou paran nan tout lekòl la pandan trimès la. Non aktivite a se Pelican Palooza. Evènman an mete tout bagay sa yo sou yon sèl tab: sware EL nou an, Emisyon Atizanal nou an, sware STEM nan, sware Matematik la, ak sware ELA a. Mete sou sa, yo envite òganizasyon kominotè yo vin pataje aktivite pratik ki enteresan ki fè pwomosyon pou misyon yo genyen an. Fon Tit I yo kontribiye nan kreyasyon aktivite sa yo. Nou mete yon bibliyotèk resous paran disponib epi li gen ladann materyèl ki la pou paran yo prete. Antrenè Alfabetizasyon nou an disponib pou ede paran yo ak estrateji yo ka aplike lakay yo epi pwofesè nou yo ankouraje yon koneksyon pozitif ant lekòl la ak fwaye a atravè konferans, sit entènèt epi aktivite klas yo.

Nou pral fè paran yo konnen egzistans reyinyon sa yo atravè yon varyete metòd kominikasyon ki apwouve, tankou bilten pou paran yo, mesaj Facebook ak Blackboard.

Ranfòse Kapasite – Aktivite/Atelye Travay Paran ak Fanmi

Lekòl la ap mete aktivite ki vin apre yo sou pye yon fason pou ranfòse kapasite angajman paran ak fanmi yo, epi pou soutni yon patenarya ki etabli ant lekòl la, fanmi yo ak kominote a. Aktivite sa yo ap ede elèv yo reyisi epi atenn rezilta akademik yo.

	Kontni ak Kalite Aktivite	Moun ki Responsab la	Enpak yo Prewwa sou Rezilta Elèv la	Delè	Prèv Efikasite
1	Reyinyon Paran ki Fleksib pou Tit I	Tara Whitehead	Nan Poinciana Elementary School, travay ann ekip gen anpil enpòtans epi se yon priyorite pou garanti siksè akademik tout elèv nou yo. Nou planifye aktivite ki ede nou bati yon relasyon pozitif epi solid ak paran yo epi ak kominote a pou ankouraje siksè elèv yo.	Pandan tout ane an (ankou)	Fèy pou Enskripsyon Tit I, ajannda, prezantasyon enfòmasyon nan Sware Tit I, Depliyon
2	Resous Bibliyotèk pou paran yo	Sarah Garr (Kontak Tit I) Alex Dorisca (Edikatè Paran)	Gen rechèch ki fèt ki pwouve siksè elèv yo ogmante lè gen yon ogmantasyon nan patisipasyon paran nan edikasyon yo. Resous ki disponib nan Bibliyotèk Resous pou Paran nou an ede nan kad efò sa yo.	Ankou	Estati Manje midi FRL, lis verifikasyon Sant Resous Paran yo, foto, piblisite PRC



PLAN ANGAJMAN PARAN AK FANMI NAN NIVO LEKÒL

2023-2024

3	Evènman Familyal nan kad Pwogram nan		Atravè Sware Kourikoulòm pou Fanmi yo, sware lekòl-paran yo, ak kominikasyon konstan atravè manm pèsònèl yo, paran yo ap jwenn asistans, materyèl, ak sipò pou ede pitit yo nan etid yo epi pou elèv yo ka gen plis siksè.	1 chak trimès	Depliyan pou voye lakay elèv yo, ajannda, enskripsyon, foto Facebook
4	Dosye jou Madi, Bilten Nouvèl chak Semèn, Sit Entènèt	Diane Russell, Pwofesè SalKlas la, Administratè	Kominikasyon sa yo enpòtan pou enfòmè fanmi nou yo konsènan evènman ak diferan opòtinite angajman ki genyen yo. Nou itilize platfòm sa yo tou pou selebre siksè elèv yo. Plis opòtinite pou paran patisipe	Chak semèn	Bilten nouvèl Pelican Post la Mizajou Sitwèb Lekòl la
5	Liv Klas FOCUS (Rapò Pwogrè ak Kanè)	Pwofesè Sal klas la	Tout paran gen aksè a pòtay paran FOCUS la pou revize nòt, konpòtman, ak dokiman prezans yo. Rapò Pwogrè ak Kanè yo enprime epi yo voye yo lakay timoun yo nan Dosye Jou Madi yo. Yon pi bon to reyisit pou elèv yo gras ak plis patisipasyon paran epi gras ak konpreyansyon.	Ankou Chak Trimès	Kanè/Rapò pwogrè
6	SAC	Konsèy Administrasyon SAC a	Yo pataje lyen vityèl yo ak paran yo epi fanmi yo. Ajannda ak Minit yo ap afiche sou sit entènèt nou an pou Aksè Piblik. Gen tradiktè ki disponib. Yon To Angajman Paran ki ogmante nan sa ki gen pou wè ak kominikasyon yo ansanm ak Entèvenan sou desizyon enpòtan lekòl la ap pran.	Chak mwa	Envitasyon SAC chak mwa, Fèy Enskripsyon, ajannda ki konplè, minit, depliyan



PLAN ANGAJMAN PARAN AK FANMI NAN NIVO LEKÒL

2023-2024

7	Pelican Palooza		STEM, Lekti, EL ak Sware Matematik (Math Night) ak Mach Atisitik (Art Walk) pral ogmante to reyisit elèv yo ansanm ak nòt egzamen yo gras ak resous adisyonèl epi gras ak devlopman pwojè ki pral ede sipòte aprantisaj nan kay epi nan lekòl la.	13 Desanm 2023	Fèy enskripsyon, depliyon pou voye lakay elèv yo, ajannda, entegrasyon konpetans ak yon ogmantasyon nan avantaj aprantisaj yo nan matyè ki asosye youn ak lòt yo.
8	Reyinyon Paran pou Klas yo	Administrasyon	Paran yo ap gen opòtinite pou yo rankontre ak administrasyon an pandan jounen lekòl la. Sijè k ap diskite yo ap egzamen RAPID, Liv Klas yo, Pòtay Paran an (Parent Portal), Resous ki disponib pou Paran yo.	Janvyè 2024	Fèy enskripsyon, depliyon, mesaj tèks blackboard
9	Evènman PTO yo ak Sansibilizasyon	Fowòm PTO	Paran yo ak fanmi yo gen opòtinite pou yo patisipe nan evènman pou devlopman kominotè PTO a òganize ki gen ladan I Jingle Jog, Holiday Store, Sware Sinema (Movie Nights), elatriye.	Ankou	Fèy enskripsyon, depliyon

Fòmasyon pou Manm Pèsònèl

Lekòl la ap pwopoze aktivite devlopman pwofesyonèl ki vin apre yo pou anseye epi soutni pwofesè ak manm pèsònèl lekòl la sou fason pou atenn paran ak fanmi yo, pou kominike avèk yo, epi pou travay avèk yo antanke patnè egal.



PLAN ANGAJMAN PARAN AK FANMI NAN NIVO LEKÒL

2023-2024

Kontni ak Kalite Aktivite	Moun ki Responsab la	Enpak yo Prewwa sou Rezilta Elèv la	Delè	Prèy Efikasite
Fòmasyon PFE 1: Kontak Pèmanan: Estrateji pou Koneksyon	Kowòdonatè Angajman Paran ak Fanmi nan Distri a	Pi bon pratik ak resous anplis pou kominike avèk paran yo epi enplike yo pandan Ane Eskolè a. Sa pèmèt vin gen relasyon ki pi solid ant paran yo ak pwofesè yo, paran ki plis enplike ansanm ak yon pi bon reyisit pou elèv yo.	Trimès 1/ Trimès 2 2023	Ajannda, repons sou evalyasyon/sondaj, fèy prezans, Prezantasyon videyo
Fòmasyon PFE 2: Liy Asistans pou Lang	Kowòdonatè Angajman Paran ak Fanmi nan Distri a	Lè manm pèsònèl la pi byen konnen sèvis tradiksyon nou yo yon fason pou pi byen pale avèk kantite fanmi ki pa pale Anglè yo nou yo ki wo anpil, sa ap gen yon enpak pozitif sou elèv yo.	Janvyè 2024	Ajannda, repons sou evalyasyon/sondaj, fèy prezans, Prezantasyon videyo
Fòmasyon PFE 3: TBD (a detèmine)	Kowòdonatè Angajman Paran ak Fanmi nan Distri a	Kowòdonatè Angajman Paran ak Fanmi yo ap evalye domèn sipò ki pi nesèsè yo epi li ap bay yon fòmasyon ki koresponn avèk yo pou ede lekòl yo fè plis efò nan kesyon angajman paran ak fanmi yo.	Avril 2024	Ajannda, repons sou evalyasyon/sondaj, fèy prezans, Prezantasyon videyo
Fòmasyon pou Parapwofesyonèl KAT	Parapwofesyonèl	Parapwofesyonèl yo te resevwa fòmasyon sou estrateji pou asiste elèv ak fanmi elèv ki gen divès orijin yo.	Desanm 2023	Depliyon sipò pou parapwofesyonèl CARD bay
Fòmasyon AVID	Amy Harper	Ekip Souplas AVID la kolabore ak planifye nan lide pou sipòte relasyon ki gen ant elèv, anplwaye lekòl la, fanmi yo ak kominote a.	Ankou	Foto Facebook yo ki detaye diferan enplikasyon òganize ki kontribiye nan reyisit elèv la.

Lòt Aktivite

Lekòl la ap òganize yon seri aktivite, li ap mete resous disponib pou fanmi yo, epi li ap bay ankourajman ak sipò pou fanmi yo, yon fason pou yo kapab pi byen patisipe nan pakou edikatif pitit yo:

- Sant Resous Paran an ofri yon orè lib pou fanmi yo aksede a materyèl ak resous ki gen pou wè ak lekòl la ak pwogram Tit I an.
- Sèvis Tradiksyon Sant Resous Paran an ofri ki disponib sou demann.



PLAN ANGAJMAN PARAN AK FANMI NAN NIVO LEKÒL

2023-2024

- Pelican Post ofri konsèy ak estrateji pou fanmi pou yo kapab enplike totalman nan edikasyon timoun yo.
- Gen òdinatè ki disponib nan Sant Resous Pou Paran an nan lide pou ofri fanmi yo aksè pou verifye nòt elèv yo, ranpli aplikasyon pou kantin yo, epi peye fakti gadri yo.
- Konseye Oryantasyon Eskolè a, Ofisye Eta Sivil la, ak Enfimyè a ap oryante api bay resous pou elèv ak fanmi ki nan bezwen yo.
- Sèvis Konsèy Ekstèn yo ansanm ak oryatatè yo disponib pou fanmi ki nan bezwen yo gras ak Konseye Eskolè a epi gras ak Travayè Sosyal la.
- Patenarya nou gen ak Keys To Be The Change lan ofri sèvis sipèvizyon an gwoup ak sipèvizyon akademik.

Kominikasyon

Lekòl la ap bay paran timoun ki ap patisipe yo enfòmasyon nan BON MOMAN konsènan pwogram ak aktivite Tit I yo:

Platfòm kominikasyon tankou rezo sosyal, bilten nouvèl, sit entènèt, BlackBoard Connect, Edikatè Paran, Panno afichaj pou arive/ranvwa, Reyinyon SAC, Dosye Jou Madi, Rapèl, Class Dojo se platfòm nou itilize pou pataje enfòmasyon sou Reyinyon Anyèl Tit I nou an, Aktivite Angajman pou Paran ak Fanmi an, elatriye.

Reyinyon ak aktivite sa yo, se lekòl la k ap òganize yo, kote l ap mete tradiktè disponib, epi y ap fèt an menm tan ak Aktivite Pòt Ouvèt nou an, Aktivite Rantre Lekòl la, epi Pelican Palooza a. N ap distribye Depliyen Tit I yo nan aktivite sa yo epi tou nan Dosye Jou Madi yo.

Nou itilize Sondaj Tit I yo pou rasanble opinyon fanmi yo konsènan edikasyon timoun yo ak Tit I an.

Poinciana Elementary mande pou tout pwofesè yo kominike ak fanmi yo epi planifye yon konferans pandan premye trimès la. Tout kanè ak rapò pwogrè yo bay yon fason pou pwograme yon konferans pou paran ak pwofesè yo.

Kominikasyon (suit)

Nou ap pataje dekripsyon ak eksplikasyon sou pwogram akademik yo, fòm evalyasyon akademik nou itilize pou mezire pwogrè elèv yo ak nivo konpetans elèv yo dwe atenn yo, pa mwayen:

Eta a ak distri a verifye ak apwouve kourikoulòm (pwogram) akademik yo. Menm jan an tou, yo evalye elèv nou yo gras avèk platfòm evalyasyon apwouve tankou FAST, STAR, Benchmark, Savaas, iStation.



PLAN ANGAJMAN PARAN AK FANMI NAN NIVO LEKÒL

2023-2024

Nou kontwole pwogrè elèv yo gras ak evalyasyon sa yo epi nou adapte ansèyman yo pou satisfè bezwen elèv yo genyen nan kad pwogram Entèvansyon adisyonèl ki apwouve yo. Yo kominike enfòmasyon sou kourikoulòm yo bay paran yo pandan reyinyon SAC a. Paran yo gen opòtinite pou yo wè manyèl pwofesè pou pwogram apwouve yo ansanm ak livrè lekti atantif elèv yo. Paran yo kapab mande nenpòt lè tou pou pwograme yon konferans paran/pwofesè nan lide pou verifye enfòmasyon.

Yo kominike tout pwogrè nan Evalyasyon yo bay paran yo nan Dosye Jou Madi yo. Rezilta evalyasyon yo ak rapò paran yo afiche tou pou paran yo nan pòtal paran an, FOCUS.

Kominikasyon (suit)

Posibilite pou òganize yon seri reyinyon regilye yon fason pou bay sijesyon epi pou patisipe, lè sa apwopriye, nan desizyon ki gen rapò ak edikasyon pitit yo;

Biwo resepsyon an gen yon kòd QR ki afiche ladan l pou fanmi yo kapab mete opinyon yo epi patisipe. Tout fanmi yo resevwa yon lyen pou ale sou Sondaj Tit I pou Fanmi an. Poinciana kominike detay/enfòmasyon ki gen rapò ak patisipasyon paran yo ak edikasyon pitit yo nan Dosye Jou Madi yo, Chak semèn, nan Bilten Nouvèl, ak Platfòm rezo sosyal yo.

Reyinyon SAC ak PTO yo fèt chak mwa tou pou rasanble opinyon paran, sijesyon yo genyen ak opinion yo.

Kominikasyon (suit)

Yon mwayen pou ekri kòmantè/enkyetid paran yo konsènan Plan Amelyorasyon nan Tout Lekòl/Plan Amelyorasyon Lekòl la (Schoolwide Improvement Plan/School Improvement Plan, SIP) ansanm ak Plan Angajman Paran ak Fanmi yo (Parent and Family Engagement Plan, PFEP), lè yo pa satisfè ak paran timoun ki ap patisipe yo. Lekòl la ap ajoute dokiman sou kòmantè/enkyetid/kesyon paran yo nan plan yo ap mete disponib pou ajans edikasyon lokal la (local education agency, LEA):

Nou fè reyinyon SAC nan Poinciana yo pou konnen opinyon/enkyetid ki gen sou SIP ak PFEP lekòl nou yo. Nou ap note prè konsènan konbribisyon paran yo, san wete kòmantè ki montre yo pa satisfè yo, epi nou ap soumèt yo bay biwo Distri Tit I an nan kad pwosesis Plan Angajman Paran ak Fanmi an.



PLAN ANGAJMAN PARAN AK FANMI NAN NIVO LEKÒL

2023-2024

Aksesibilite

Lekòl la ofri tout fanmi yo (san wete paran ki gen konpetans limite nan Anglè yo, paran ki gen andikap yo, paran migran yo, epi ki gen timoun ki sanzabri yo) tout posibilite pou yo patisipe nan aktivite sou angajman paran ak fanmi yo:

Poinciana sèvi ak Blackboard, Remind ak lòt platfòm kominikasyon ki bay sèvis tradiksyon pou kominikasyon lekòl la ap fè voye lakay elèv yo nan nenpòt nan lang ki pale sou kanmpis nou an. Language Line Solutions bay sèvis tradiksyon alekri epi an dirèk pou fanmi yo patisipe nan aktivite angajman fanmi yo. Gen tradiktè ki disponib an pèsòn epi sou plas pou ede fanmi yo nenpòt kilè, epi Edikatè Paran nou an ap akonpaye yo tou.

N ap voye dokiman ak sondaj lekòl yo lakay elèv yo nan lang Panyòl, Kreyòl Ayisyen ak lòt lang yo mande lè sa nesèsè.